Asegúrese de consultar o contratar a un arboricultor certificado antes de podar los árboles.



AGUA

Llene envases de plástico o aluminio con agua potable una vez que se emita una alerta de huracán. Almacene al menos un galón por persona para cada día por un período de 3 a 7 días. Llene además

otros recipientes a dos tercios de su capacidad con agua potable y colóquelos en la nevera para tener hielo después de una tormenta.

Antes de llenar los recipientes de agua, lávelos con agua y jabón y enjuáguelos bien. A continuación, llene el recipiente con una solución de una cucharada de lejía de cloro sin aromatizar –del tipo que se usa para lavar– por cada galón de agua. Déjela reposar durante 10 minutos, luego bótelas y enjuague el recipiente.



ALMACENAMIENTO DE GASOLINA Y GENERADORES

Almacene combustible en un contenedor aprobado con una capacidad para no más de 5 galones, en un área fresca, seca, ventilada y segura, lejos de equipos o herramientas. Manténgalo alejado del alcance de los niños.

Los generadores de electricidad deben ponerse a funcionar solamente fuera de los espacios habitados, en áreas bien ventiladas y alejadas de ventanas, puertas, respiraderos u otras aberturas. NO deben ponerse a funcionar en balcones de edificios multifamiliares.



OBRAS EN CONSTRUCCIÓN

En caso de una advertencia de tormenta tropical o alerta de huracán, los contratistas licenciados tienen la obligación de asegurar sus sitios de obras. Se deben atar o retirar del área todos los objetos que representen un peligro potencial.

RECOGIDA DE BASURA

Antes de que llegue la tormenta, deseche la basura de su hogar y patio.



Para ello:

- Use el servicio de recogida de desechos que se ofrece dos veces a la semana;
- Programe una recogida de desechos voluminosos por internet o llamando al 311; o
- Deje la basura o restos de poda en uno de los 13 Centros Vecinales de Basura y Reciclaje.



Si la tormenta se acerca en su dirección, asegure los carritos de basura y de reciclaje en el garaje, cobertizo o patio con techo.

Las condiciones meteorológicas determinarán si los Centros Vecinales de Basura y Reciclaje brindarán servicio los días posteriores al paso de la tormenta.

Si el Condado de Miami-Dade no le brinda el servicio de recogida de basura, comuníquese con su ciudad para informarse acerca de dichos servicios antes y después de la tormenta.

13 CENTROS VECINALES DE BASURA Y RECICLAJE

Abiertos todos los días de 7:00 a. m. a 5:30 p. m.

North Dade
21500 NW 47 Ave.

Eureka Drive
9401 SW 184 St.

Norwood
19901 NW 7 Ave.

West Perrine
16651 SW 107 Ave.

Golden Glades
140 NW 160 St.

South Miami Heights
20800 SW 117 Ct.

Palm Springs North
7870 NW 178 St.

Moody Drive
12970 SW 268 St.


West Little River
1830 NW 79 St.

Snapper Creek
2200 SW 117 Ave.

Sunset Kendall
8000 SW 107 Ave.

Richmond Heights
14050 Boggs Dr.

Chapman Field
13600 SW 60 Ave.



Al activarse el Centro de Operaciones de Emergencia del Condado de Miami-Dade se publicará toda la información esencial sobre servicios en la página web **miamidade.gov** y en la aplicación *Ready MDC*.



EVACUACIONES



El alcalde del Condado de Miami-Dade puede emitir una orden de evacuación para áreas específicas del condado que se considere puedan estar en peligro, conforme a la trayectoria de la tormenta y las marejadas de tormenta previstas.



Cuando se emita una orden de evacuación, todos los residentes de casas móviles deben evacuar, independientemente de la zona de planificación de marejada de tormenta donde residan.

Se insta a los residentes a quedarse con familiares o amigos que vivan lejos de la costa en un área que no sea de evacuación.



Los centros de evacuación deben considerarse solamente como un refugio de último recurso. Una vez dada la orden de evacuación, se publicará una lista de los centros de evacuación disponibles, así como los sitios de emergencia para recogida en autobuses que brindarán transporte de ida y vuelta a los centros. Visite la página web miamidade.gov o llame al 311 para saber qué centro de evacuación está abierto.



Si no tiene cerca un sitio de recogida designado, use el transporte público de Miami-Dade para trasladarse a un centro de recogida. Hágale saber al conductor que desea ir a un punto de recogida para evacuación.



No todos los centros de evacuación abrirán para todas las emergencias. Las decisiones se basan en el pronóstico del Centro Nacional de Huracanes para determinar cuándo y dónde el huracán tocará tierra.

A cada evacuado se le asigna un espacio de 20 pies cuadrados en el centro de evacuación; por ello, debe llevar solamente los artículos indispensables. Todos los centros de evacuación cumplen con los requisitos de alojamiento, según la Ley de Estadounidenses con Discapacidades (ADA). Se permiten animales de servicio.



El Condado de Miami-Dade tiene planificado completar las evacuaciones y la protección de su personal antes de que lleguen los vientos de fuerza tropical, no los vientos de fuerza huracanada.

TRANSPORTE



CENTROS DE RECOGIDA PARA EVACUACIÓN EN UNA SITUACIÓN DE EMERGENCIA

Los puntos de recogida en autobús para situaciones de emergencias ofrecerán servicios de transportación hacia y desde los centros de evacuación. Para más información, visite la sección Evacuaciones de Emergencia en la página web miamidade.gov/hurricane, llame al 311 o use la aplicación *Ready MDC*.

Puede que los servicios de Metrobús, Metrorail y Metromover, así como las instalaciones de transporte del condado, cierren en caso de vientos sostenidos de 39 mph.



CONDUCCIÓN EN LAS VÍAS

Puede que se elimine el cobro de peajes de autopistas para facilitar el flujo de tráfico.



VIAJES

Para información a pasajeros de aeropuertos o puertos marítimos, comuníquese con su transportador específico.

SEGURIDAD DE LAS MASCOTAS



EVACUACIÓN CON SUS MASCOTAS

Si necesita evacuarse, nunca deje a sus mascotas.

Los centros de evacuación que aceptan mascotas (PFEC, por sus siglas en inglés) están disponibles para los residentes que viven en áreas de alto riesgo, propensas a inundaciones, incluidas las islas de barrera, las comunidades costeras, las casas móviles o cualquier persona que viva en una zona de planificación para marejadas de tormenta y haya recibido la orden de evacuación. Es preciso que un miembro de la familia se quede con la mascota en el PFEC en todo momento, y la mascota debe permanecer dentro de una jaula.



Antes de que llegue la tormenta, se anunciarán las ubicaciones de los PFEC en la medida en que vayan abriendo. Visite la página web miamidade.gov, llame al 311 o preste atención a las noticias locales para estar al tanto de información actualizada.

Se examinará a todas las mascotas para decidir si el animal constituye un riesgo a la seguridad. En los centros de evacuación para situaciones de emergencia NO se ofrecen vacunas ni tratamiento médico.



Los centros de evacuación que aceptan mascotas recibirán los siguientes animales: perros, gatos, hurones, gerbos, cobayas, hámsteres, ratones, aves domésticas comunes y ciertas especies de conejo de menos de 10 libras de peso.

QUÉ DEBE LLEVAR A UN CENTRO DE EVACUACIÓN QUE ACEPTA MASCOTAS (PFEC)



- Prueba de que reside en una zona de evacuación



- Alimentos y provisiones para las mascotas para 3 días, así como un portador o jaula adecuados, collarín, correa o bozal, ropa de cama y juguetes



- Placas de identificación en los collarines. Asegúrese de que las mascotas tengan un microchip con la información más actualizada



- Registros médicos y de vacunación actualizados de cada mascota. Se requieren las vacunas anuales contra la rabia (en el caso de los gatos y los perros) y una licencia para perros visible y emitida por el Condado de Miami-Dade



- Debe estar preparado para cuidar y mantener el control de sus mascotas en todo momento




Los dueños de mascotas deben traer suficiente alimentos, agua y medicinas para cada mascota para tres días, como mínimo. No olvide llevar los recipientes para servirles el agua y la comida.

PERMANECER A SALVO



Siga la información en la página web miamidade.gov, en la radio o en la televisión para recibir actualización de las condiciones meteorológicas y las instrucciones que los funcionarios de seguridad pública quieran comunicar al público.



Manténgase bajo techo, preferiblemente en una habitación sin ventanas.



Si se mueve de una habitación a otra, o si se dirige a un centro de evacuación, no olvide el kit de emergencias y las provisiones para desastres.




Si su hogar se ve amenazado por una inundación, apague la electricidad en el interruptor principal.



Dado que la electricidad se puede transmitir por los cables exteriores, evite usar teléfonos con cable durante la tormenta.



Si se interrumpe el fluido eléctrico, en lugar de velas y lámparas de queroseno, use linternas como fuentes de luz.



Los relámpagos pueden penetrar las tuberías, por tanto no se bañe o duche.



Mantenga a los niños informados acerca de lo que ocurre y preste atención a los indicios de estrés.



Si se interrumpe la electricidad, apague los equipos electrodomésticos más importantes.



Si su casa comienza a derrumbarse, entre en la bañera y cúbrase con un colchón para protegerse de los escombros.



Mantenga a los animales en sus portadores o jaulas.




No salga al exterior durante el paso del ojo de la tormenta. Hay un breve período de calma antes de volver a sentir los vientos huracanados.

SEGURIDAD DESPUÉS DE LA TORMENTA

Muchas de las lesiones relacionadas con los desastres ocurren después del paso de las tormentas o los huracanes. Estos son algunos consejos para mantenerse a salvo.



Permanezca bajo techo hasta que las autoridades locales anuncien que es seguro salir.



Si tiene que salir, tenga cuidado con los objetos caídos y cables eléctricos sueltos. Reporte los tendidos eléctricos caídos a la compañía de electricidad *Florida Power & Light* por el 1-800-4OUTAGE (1-800-468-8243).



Inspeccione su casa para detectar daños y determinar si es seguro permanecer en ella. Revise si hay escape de gas.




Comuníquese con su agente de seguros. Tome fotos de los daños y lleve un buen registro de los costos de reparación y limpieza.



Manténgase alejado de áreas inundadas o muy dañadas por la tormenta.



No abra las tapas de las alcantarillas para drenar calles inundadas; esto podría sobrecargar el sistema de alcantarillado y provocar desbordamientos.



Si usted vive en un área donde coinciden residencias y establecimientos comerciales (por ejemplo viveros), mantenga la basura residencial y la comercial en pilas separadas.



Si su propiedad no está cerca de la acera, de un derecho de paso o si vive en una comunidad con vías privadas, no lleve los desechos al derecho de paso más cercano hasta que un funcionario del gobierno le indique hacerlo.



Obedezca todos los toques de queda y órdenes de emergencia.



Coloque las pilas de basura en la acera, lejos de cercas, buzones de correo, desagües, alcantarillas y cables colgando a baja altura. No coloque basura en terrenos desocupados, tierras de labranza o frente a establecimientos comerciales.



No use parrillas de carbón, cocinas con gas propano del tipo que se usan en campamentos o generadores de electricidad dentro de la casa.



Llame al 311 para reemplazar los contenedores de basura o los carritos de reciclaje si se dañaron o perdieron.



Tenga paciencia y cuidado. Las tareas de limpieza después de una tormenta pueden demorarse.



Deshágase de cualquier comida refrigerada que pudiera estar en mal estado.



Para ahorrar agua, use una escoba en lugar de una manguera si va a limpiar la basura que la tormenta dejó. Barra y coloque la basura en bolsas para que no obstruya los desagües ni cause desbordamientos de aguas residuales.



Si desea ayudar al Departamento de Parques de Miami-Dade en las labores de eliminación de los desechos y recuperación luego del paso del huracán, inscribese como voluntario en la página miamidade.gov/parks después de que pase la tormenta.

PELIGROS LUEGO DEL PASO DE LA TORMENTA



INUNDACIONES

No conduzca o camine sobre aguas estancadas; estas pueden ser mucho más profundas de lo que parecen y podría haber peligros no visibles. Recuerde que cuando haya agua en la vía más vale alejarse que ahogarse.

Si después de una tormenta, hay tuberías rotas o con salideros, hidrantes, alcantarillas o medidores de agua rotos, llame al Departamento de Agua y Alcantarillado al 305-274-9272.



INFLACIÓN DE PRECIOS

Si el gobernador de la Florida o el alcalde del Condado de Miami-Dade declaran un estado de emergencia, las regulaciones sobre la inflación de precios entran en vigor.

Se considera inflación de precios cualquier “precio inadmisibles”, el cual se determina al comparar el precio fijado durante una emergencia con lo que se cobraba por el mismo producto en los 30 días anteriores. Para reportar un caso de inflación de precios, llame a la Fiscalía Estatal de Florida al 1-866-966-7226.



BARRERA DE PROTECCIÓN PARA LAS PISCINAS

Si la barrera de protección de su piscina se cayó o dañó luego del paso de la tormenta, debe priorizar su reparación o reemplazo. Una piscina representa un riesgo para la vida incluso cuando está vacía.

Hasta que usted reemplace o repare la barrera de protección de su piscina puede colocar una malla de seguridad temporal, disponible para la venta en tiendas locales de reparación del hogar.

Además, si su piscina no está funcionando normalmente, añádale cloro regularmente para evitar el crecimiento excesivo de algas o criaderos de mosquitos.



MOSQUITOS

El clima lluvioso y húmedo que suele venir luego de una tormenta puede provocar que aumente la presencia de mosquitos. Para reducir su reproducción, bote el agua estancada en juguetes, embarcaciones sin cubrir y embarcaciones que no estén drenando el agua, así como en contenedores de basura y tapas.

Tenga en cuenta lo siguiente para evitar las picadas de mosquitos:

- Repare las mallas de ventanas, puertas, portales y patios;
- Evite estar en áreas exteriores durante las horas del amanecer y el anochecer, cuando los mosquitos suelen picar más;
- Use ropa ligera, larga y suelta que cubra la piel; y
- Use repelente de insectos que contenga el ingrediente DEET, recomendado por la EPA

Más información en miamidade.gov/mosquito.



ÓRDENES PARA HERVIR EL AGUA

En caso de que se dé la orden preventiva de hervir el agua luego de una tormenta, el Departamento de Salud de la Florida en el Condado de Miami-Dade aconseja que, antes de usarla, se hierva el agua de beber, cocinar, cepillarse los dientes, hacer hielo o lavar platos. El agua debe dejarse hervir un minuto, como mínimo.

No hay problema alguno en usar el agua para bañarse, siempre que no tenga heridas abiertas. Si no puede hervir el agua, use lejía de cloro casera regular sin aromatizar para desinfectar el agua. Agregue ocho gotas de lejía a cada galón de agua, revuelva y deje reposar 30 minutos.

Si el agua se ve turbia, repita el proceso, y ya estará lista para su uso. Otra opción es usar pastillas desinfectantes para el agua, que se pueden encontrar en centros de venta de suministros para acampar o deportivos.

Si usted no recibe el servicio de agua del Condado de Miami-Dade, verifique el estado del agua potable en su zona contactando para ello al proveedor de servicios públicos de su municipio.

FÈ PREPARASYON

Chè Rezidan Parèy Mwen yo,

Sezon siklòn 2019 la pase pou yon sezon san danje pou Konte Miami-Dade, men li pa te pase san li pat fè nou pè. Nou te wè avèk anpil enkyetid kijan siklòn Dorian ki te fewòs anpil te ap sakaje vwazen nou yo nan Bahamas, answit li mete tèt sou nò, sa ki te epanye kominote nou an, men sa te lakòz domaj katastwofik sou gwo zile tankou Abaco ak Grand Bahama.

Pandan ke Konte nou an to ap konte benediksyon li yo, nou menm tou nou te reponn avèk yon jenewozite ekstraòdinè. Nan mwens pase de semèn, kominote nou an bay prèske 2.5 milyon liv manje, dlo, atik pou ti bebe, founiti dijans ak plis bagay ankò pou ede avèk efò sekou yo. Ponpye Miami-Dade te pase senk jou nan Bahamas pou ede ak bezwen imedya yo. Nou rekonèt kijan nou te gen chans.

Sezon siklòn kòmanse ankò 1ye jen, e nou kontinye itilize egzèsis aktivasyon dijans chak ane yo kòm opòtinite pou amelyore plan preparasyon yo, pwosesis ak fason pou bay enfòmasyon ou bezwen pou asire sekirite fanmi w lè yon tanpèt menase.

Gid Ofisyèl Preparasyon pou Siklòn 2020 an montre kijan ou ka prepare pandan tout ane a. Si ou gen bezwen espesyal pou evakyasyon oswa bèt kay, oswa ou vle rasanble twous dijans ou, li pa janm twò bonè. Sonje byen ou deja gen youn nan pwovizyon ki pi enpòtan lakay ou: dlo tiyo ki soti nan wobinè w.

Swiv sous enfòmasyon Konte Miami-Dade pou tout dènye enfòmasyon ki egzat anvan, pandan ak apre yon tanpèt. Vizite miamidade.gov, kreye yon pwofil inik pou w resevwa alèt dijans, swiv kanal medya sosyal ofisyèl nou yo, telechaje aplikasyon mobil *READY MDC* a.

Ane pase, nou te prepare pou pi mal, men nou te jwenn yon ti kanpo. Sa sèvi kòm yon rapèl ke nou tout dwe rete vijilan epi tou prepare.

Sensèman,



Carlos A. Gimenez
Majistra



Audrey M. Edmonson
Prezidan



INONDASYON, TÒNAD AK MARE TANPÈT

INONDASYON

Menmsi ou ap viv sou yon kot oswa yon zile, inondasyon se yon menas majè pandan siklòn ak tanpèt twopikal. Yo kapab bay gwo papa lapli ki fè dlo desann pou lakoz inondasyon ki touye moun epi ki fè gwo dega.

TÒNAD

Siklòn ak tanpèt twopikal ka bay tònad tou. Jeneralman, tònad sa yo yon tijan fèb epi yo pa dire. Men yo reprezante gwo danje sou lavi ak byen moun.

MARE TANPÈT

Pandan yon tanpèt, mare tanpèt se pi gwo menas sou lavi ak byen moun. Se yon gwo soulèvman dlo ki pa nòmal ke yon siklòn lakoz. Yon mare tanpèt kapab vwayaje plizyè mil sou tè, espesyalman tout longè bè yo ak kanal yo, epi yo ka monte jiska yon wotè plis pase 20 pye.

Si w ap viv na yon bilding a etaj epi w chwazi pa deplase, rete nan etaj ki pi wo pase dlo inondasyon an oswa mare tanpèt la, men pa pi wo pase 10yèm etaj. Siklòn pote van ki danjere, kidonk tou tan ou ale pi wo nan bilding lan, w ap jwenn pi gwo vitès van.






KONNEN ZÒN OU

Tout rezidan Miami-Dade ta dwe konnen nan ki Zòn Planifikasyon Mare Tanpèt yo ap viv. Pou w konnen zòn ou an, ale nan miamidade.gov/hurricane, jwenn seksyon Zòn Planifikasyon Mare Tanpèt la, answit mete adrès ou. Ou kapab telechaje tou aplikasyon mobil *READY MDC* la oswa rele 311.

Yon Zòn Planifikasyon Mare Tanpèt se yon zòn kote mare tanpèt 1 pye $\frac{1}{2}$ oubyen plis kapab afekte pandan yon siklòn. Moun pa dwe konfonn zòn planifikasyon sa yo ak zòn inondasyon w lan.

Apati idantifikasyon yon menas, chak zòn (oswa kèk posyon nan yon zòn) va evakye tou depann de chemen siklòn lan ak previzyon pou mare tanpèt. Sa pa depann de kategori siklòn lan.

Konnen Zòn ou

- | | | | | |
|---|---|---|---|---|
|  Zòn A se pi gwo danje mare tanpèt soti nan Kategori siklòn 1 pou ale pi wo. |  Zòn B gen danje mare tanpèt soti nan Kategori siklòn 2 pou ale pi wo. |  Zòn C gen danje mare tanpèt soti nan Kategori siklòn 3 pou ale pi wo. |  Zòn D gen danje mare tanpèt soti nan Kategori siklòn 4 pou ale pi wo. |  Zòn E gen danje mare tanpèt soti nan Kategori siklòn 5. |
|---|---|---|---|---|

Pou w wè Zòn Evakyasyon yo, tanpri refere w a kat ki nan fen Gid pou Siklòn la.

LIS VERIFIKASYON TWOUS KATASTWÒF

Anvan sezon siklòn lan, rasanble atik ou gen dwa bezwen pandan yon evakyasyon oswa nan ka yon ijans epi kenbe yo nan yon veso enpèmeyab ki fasil pou pote tankou yon sakado oswa yon sak espò. Si w dwe ale nan yon sant evakyasyon, pran twous katastwòf ou avèk ou.

- | | | | |
|---|--|---|---|
|  | <input type="checkbox"/> Omwen yon galon dlo pa jou pou chak moun pou ant 3 ak 7 jou |  | <input type="checkbox"/> Aparèy eletwonik pòtab ki tou chaje ak chajè |
|  | <input type="checkbox"/> Goute ki p ap gate ak manje nan pake oswa nan bwat pou omwen ant 3 ak 7 jou |  | <input type="checkbox"/> Jwèt ki pa fè bri oswa materyèl pou lekti |
|  | <input type="checkbox"/> Zouti pou louvri kenn alamen |  | <input type="checkbox"/> Linèt, kontak pou je, aparèy pou ede moun tandè ak tout batri |
|  | <input type="checkbox"/> Rad derechanj, ekipman pou lapli ak soulye ki gen repondong |  | <input type="checkbox"/> Atik pou pran swen zannimo lakay ki gen ladan manje ak dlo manje |
|  | <input type="checkbox"/> Dra/kouvèti pou kouche nan ti espas |  | <input type="checkbox"/> Flach, radyo ki sèvi ak batri ak tout batri yo |
|  | <input type="checkbox"/> Medikaman sou preskripsyon yo |  | <input type="checkbox"/> Kle oto derechanj |
|  | <input type="checkbox"/> Atik pou l'yèn pèsònèl |  | <input type="checkbox"/> Lajan kach |
|  | <input type="checkbox"/> Atik espesyal tankou manje pou timoun, granmoun aje oswa manm fanmi ki enfim. |  | <input type="checkbox"/> Dokiman enpòtan nan yon kontenè oswa yon sak ki pa pran dlo |
|  | <input type="checkbox"/> Sak pou mete fatra | | |
|  | <input type="checkbox"/> Twous atik premye swen | | |



Malgre ke bibliyotèk Miami-Dade yo pa sant evakyasyon, ou ka enskri pou yon kat bibliyotèk nan ecard.mdpls.org pou jwi kèk amizman pandan tanpèt la ap rale kò l. Lè gen ase sekirite pou fè sa, sikisal yo ap louvri pou ou ka chaje aparèy mobil ou, jwenn aksè entènèt san fil, epi sèvi avèk òdinatè ak tablèt.

PREPARASYON POU SIKLÒN

Enskri pou alèt dijans miamidade.gov/account. Li plis osijè bezwen esansyèl nan miamidade.gov/hurricane.



PREPARASYON KAY LA


Pran foto kay ou a (alafwa enteryè ak eksteryè) pou konpayi asirans mèt kay ou a.

Pwoteje zòn kote van kapab antre. Fenèt yo ak pòt yo dwe fèmen avèk volè tanpèt Konte a apwouve. Yon lòt opsyon se bare fenèt yo avèk playwoud 5/8 pous. Tep PA anpeche fenèt yo kraze.

Pwoteje aparèy elektwonik yo avèk dispozitif pwoteksyon kont varyasyon tansyon ak kouvèti enpèmeyab.

Mete mèb jaden yo oswa lòt atik eksteryè ki pa mare epi ki ta kapab vole, andedan.

Retire lajan kach labank epi mete gaz nan machin ou, nan dèlko ou ak lòt zouti ki mache avèk gaz.



BATO

Si ou gen bato, sonje mare li kòmsadwa. Sèvi avèk liy doub yo nan yon pò pou ti bato oswa retire li nan dlo pou mete li sou waf la. Pa janm eseye sove pou siklòn nan bato.

Tout pò pou ti bato yo ap fèmen lè van san rete yo rive 39 mil pa è.

Lè evakyasyon yo kòmanse sòti sou zile baryè yo, pon Intracoastal Waterway yo ap ouvè detanzantan pou kite sikilasyon sou lanmè a pase jiskaske yo fèmen nèt.

Yo va emèt avètisman sou lè pon yo ap fèmen nèt pou sikilasyon sou lanmè. Pon yo abityèlman fèmen nèt omwen witèdtan anvan van 39 mil pa è yo sipoze kòmanse.

Enskri pou alèt pò ti bato yo nan miamidade.gov/account.



TOURIS

Koute anons otèl ou a, liy kwazyè w lan oswa liy ayeryen w lan. Swiv tout lòd fonksyonè lokal yo bay, tankou paregzanp sou evakyasyon ak refij.



RETAY GAZON

Jadinye peyizajis ak rezidan yo pa dwe soufle gazon koupe sou twotwa, nan lari ak nan twou egou yo, sa ki kapab lakòz lari a inonde.

Olye de sa, yo dwe mete yo nan sache oswa soufle yo retounen sou gazon an kote yo kapab sèvi kòm pay natirèl.



NETWAYE PYEBWA

Pa kòmanse aktivite ni netwaye pyebwa ni netwaye ni mete fatra sou twotwa pandan yon siveyans oswa yon avètisman tanpèt twopikal oswa siklòn.

Byen netwaye pyebwa yo ak plant yo ANVAN sezon siklòn nan kapab redwi debri yon tanpèt kreye. Lè ou netwaye pyebwa yo kòmsadwa sa ogmante chans tou pou yon pyebwa kapab reziste anba tanpèt la.

Asire w ke ou konsilte oswa anboche yon espesyalis pyebwa ki sètifye ak lisansye anvan w debrache pyebwa yo.



DLO

Plen veso aliminyòm oswa plastik yo avèk dlo potab lè yo anonse yon avètisman siklòn. Planifye pou omwen yon galon pa moun pa jou pou ant 3 ak 7 jou. Anplis de sa, kenbe lòt veso yo twaka plen avèk dlo potab epi mete yo nan frizè a pou w kapab gen glas apre tanpèt la.

Anvan w plen veso yo dlo, lave yo avèk savon ak dlo epi rense yo byen. Apre sa, plen veso a avèk yon solisyon yon gwo kiyè klowòks san sant — sa ou itilize pou lesiv la — pa galon dlo. Kite li chita pandan 10 minit, epi apre sa vide solisyon an epi rense veso a.



ESTOKAJ GAZOLIN AK DÈLKO

Konsève gaz la nan veso ki apwouve pou sa, ki kenbe 5 galon pou pipis, nan yon zòn fre, sèch, ayere epi sekirize, lwen aparèy menaje. Pa mete li kote pou timoun ale ladan.

Ou dwe sèvi avèk dèlko andeyò kote moun rete, sèlman nan zòn byen ayere lwen fenèt, pòt, twou pou sikilasyon lè oswa lòt ouvèti. Ou pa dwe sèvi avèk yo sou balkon yon estrikti ki gen plizyè inite.



CHANTYE KONSTRIKSYON

Nan ka yon avètisman tanpèt twopikal oswa yon siveyans siklòn, kontraktè lisansye yo oblije sekirize chantye travay yo. Yo dwe mare oswa retire bagay ki gen posibilite vin danjre yo.



RAMASAJ FATRA

Jete fatra ou genyen nan kay ou ak nan lakou w anvan yon sezon siklòn:

- Avèk sèvis ranmasaj fatra de fwa pa semèn ou an
- Avèk yon randevou w ap pran anliy oswa nan nimewo 311 an pou ranmasaj gwo fatra
- Nan youn nan 13 Sant Fatra ak Resiklaj Katye yo kote ou kapab pase lage fatra oswa mòso pyebwa



Sere poubèl fatra ak resiklaj ou yo nan yon garaj, nan yon anga oswa sou yon galri dèyè ki kouvri anvan tanpèt la rive.

Kondisyon meteyo yo pral detèmine si Sant Fatra ak Resiklaj Katye yo ouvè.

Si ou pa resevwa sèvis ranmasaj fatra nan men Konte Miami-Dade, kontakte vil ou a pou enfòmasyon sou sèvis pou retire fatra anvan ak apre tanpèt.

13 SANT FATRA AK RESIKLAJ KATYE

Ouvè chak jou soti 7 a.m. rive 5:30 p.m.

North Dade
21500 NW 47 Ave.

Norwood
19901 NW 7 Ave.

Golden Glades
140 NW 160 St.

Palm Springs North
7870 NW 178 St.

West Little River
1830 NW 79 St.

Snapper Creek
2200 SW 117 Ave.

Sunset Kendall
8000 SW 107 Ave.

Richmond Heights
14050 Boggs Dr.


Chapman Field
13600 SW 60 Ave.

Eureka Drive
9401 SW 184 St.

West Perrine
16651 SW 107 Ave.

South Miami Heights
20800 SW 117 Ct.

Moody Drive
12970 SW 268 St.



Apati moman Sant Operasyon Dijans Konte Miami-Dade la aktive, tout mizajou sèvis ki pi enpòtan yo va poste sou **miamidade.gov** ak aplikasyon mobil Ready MDC la.

EVAKYASYON



Majistra Konte Miami-Dade la kapab emèt Lòd evakye sèten zòn espesifik nan konte a yo jije ki an danje, dapre pakou yon siklòn ak mare tanpèt yo prevwa yo.

Tout rezidan mezon mobil yo dwe evakye lè yo emèt yon lòd evakasyon, kèlkeswa Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt yo.



Nou ankouraje rezidan yo pou yo rete kay fanmi oswa zanmi ki rete andedan tè yo nan yon zòn ki pa bezwen evakye.

Si yo pa deziyen okenn arè otobis toupre w lan, sèvi avèk Miami-Dade Transit pou ale nan yon arè. Fè chofè otobis la konnen ou gen lentansyon al nan yon arè otobis pou evakasyon dijans.

Se pa tout sant evakasyon k ap ouvè pou tout ijans. Desizyon yo baze sou previzyon Sant Siklòn Nasyonal la (National Hurricane Center) pou detèmine ki lè ak ki kote siklòn nan ap touche tè.



Chak moun ki evakye ap resevwa yon espas 20 pye kare nan sant evakasyon an, donk vini avèk bagay ki esansyèl sèlman. Tout sant evakasyon yo respekte egzijans

Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (Americans with Disabilities Act) pou refij. Yo otorize zannimo asistans.

Konte Miami-Dade planifye pou fini ak tout avakasyon epi mete pèsònèl yo nanabri anvan gwo fòs van tanpèt twopikal yo, pa anvan gwo fòs van soklòn yo.



Ou dwe konsidere sant evakasyon yo kòm refij dènve resò. Lè yo bay lòd evakasyon, y ap anonse yon lis sant evakasyon ki ouvè, ansanm avèk arè otobis dijans ki pral ofri transpò pou ale ak sòti nan sant yo. Detay yo ap afiche sou miamidade.gov oswa rele 311.

TRANSPÒ



ESTASYON OTOBIS POU EVAKYASYON DIJANS

Sit otobis dijans yo va bay transpò pou ale ak soti nan sant evakasyon yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan paj Evakasyon dijans la nan miamidade.gov/hurricane, rele 311 oswa sèvi ak aplikasyon mobil *READY MDC* a.

Sèvis Metrobus, Metrorail ak Metromover yo, epitou rezo transpò Konte a, gen dwa fèmen lè gen van 39 mil pa è san rete.



KONDWI SOU WOUT

Yo gen dwa retire peyaj sou otowout yo pou fasilite sikilasyon an.



VWAYAJ

Pou enfòmasyon pou pasaje pò ak ayewopò, kontakte liy espesifik ou a.

SEKIRITE BÈT KAY



LÈ W AP EVAKYE AVÈK BÈT LAKAY OU YO

Nan ka yon silòn, pran bèt kay ou avèk ou.

Sant Evakyasyon ki Aksepte Bèt Kay yo (Pet-Friendly Evacuation Centers, PFEC) disponib pou rezidan ki rete nan zòn ki gen anpil danje inondasyon, tankou paregzanp zile baryè yo, kominote kotyè yo, kay sou wou yo, oswa nenpòt ki moun ki rete nan Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt la ki resevwa lòd pou yo evakye. Yon manm fanmi an dwe rete avèk bèt kay la nan PFEC a epi bèt kay la dwe andedan yon kaj.



Y ap anonse adrès PFEC yo amezi yo ouvè anvan tanpèt la rive. Al sou miamidade.gov, rele Sant Kontak 311 an oswa swiv nouvèl lokal ou yo pou w kapab okouran dènye enfòmasyon yo.

Tout bèt yo pral evalye pou detèmine si bèt la prezante yon risk sekirite. Yo pap ka bay ni vaksen ni trètman medikal nanabri evakyasyon dijans yo.



Zannimo yo aksepte yo gen : chen, chat, firè, jèbil, kochondenn, amstè, sourit, zwazo kay ak sèten ras lapen ki peze mwens pase 10 liv.

KISA W DWE POTE NAN YON SANT EVAKYASYON KI AKSEPTE BÈT KAY



- Prè ou rete nan yon zòn evakyasyon.



- Pwovizyon manje ak atik pou 3 jou pou bèt kay yo, epitou kaj apwopriye; kolye, kòd oswa baboukèt; epi kabann ak jwèt



- Idantifikasyon sou kolye ki apwopriye epi asire ke bèt kay yo gen pis elektwonik sou yo avèk enfòmasyon ki ajou



- Dosye medikal ak vaksinasyon ajou pou chak bèt kay. Vaksinasyon anyèl kont laraj (pou chat ak chen) epi yon otorizasyon Konte Miami-Dade valid pou chen yo obligatwa



- Prepare pou pran swen ak gen kontwòl bèt kay ou ou yo tou tan




Pwopriyetè bèt lakay ta dwe pote ase manje, dlo ak medikaman pou chak bèt pou yon minimòm twa jou. Pa bliye bòl sèvis yo.

RETE AN SEKIRITE



Swiv **miamidade.gov**, radyo ou oswa televizyon ou pou nouvèl sou meteyo ak enskripsyon fonksyonè sekirite piblik yo.



Rete andedan, epi pito nan yon pyès ki pa gen fenèt.



Pote twous dijans ak founiti pou katastwòf ou yo si w ap deplase sòti nan yon pyès al nan yon lòt oswa si w ap evakye pou al nan yon sant.



Si inondasyon ap menase lakay ou, etenn kouran an nan switch santral la.



Paske elektrisite vwayaje nan kab ki deyò yo, evite itilize telefòn ak fil pandan siklòn.



Si yo bay blakawout, sèvi avèk flach, pasèvi ak chandèl oswa lanp kewozèn, pou klere.



Anplis, zeklè kapab vwayaje nan dren, kidonk pa pran douch ak chita nan beynwa.



Bay timoun yo enfòmasyon sou sa ki ap pase a epi obsève sij estres.



Si ou nan blakawout, etenn tout gwo aparèy yo.



Antre nan beywa a epi rale yon matla sou tèt ou kòm pwoteksyon kont debri si kay ou kòmanse kraze.



Kenbe bèt kay yo nan kay yo.




Piga ale deyò pandan je siklòn lan ap pase. Akalmi an ka pa dire twòp anvan fòs van siklòn lan retounen.

SEKIRITE APRE TANPÈT

Anpil blesi akòz katastwòf rive nan kontrekou yon tanpèt twopikal oswa yon siklòn. Men kèk jan pou w rete an sekirite.



Rete andedan jiskaske otorite lokal yo di pa gen danje lè ou sòti.



Si w dwe soti, konnen gen bagay ak kab elektrisite ki ap tonbe. Rapòte kab elektrisite ki tonbe bay Florida Power & Light nan 1-800-4OUTAGE (1-800-468-8243).



Enspekte kay pou domaj pou asire ke w ka rete la ansekirite epi verifie si pa gen gaz ki ap fuite.



Kontakte ajan asirans ou. Pran foto domaj yo epi kenbe dosye pri reparasyon ak netwayaj yo.



Rete lwen zòn ki sibi gwo domaj tanpèt oswa inondasyon.



Piga retire kouvèti egou pou fè dlo ki sou wout ale. Sa ka anvayi sistèm egou a epi lakoz refoulman.



Si w rete nan yon zòn ki genyen rezidansyèl ak kòmèsyal ansanm (tankou ti pepinyè), kenbe dechè rezidansyèl ak kòmèsyal yo nan pil separe.



Si pwopriyete w la pa tou pre yon twotwa oswa yon pasaj piblik, oswa si w ap viv nan yon kominote ki gen wout prive, pa pote debri sou twotwa ki pi pre a jiskaske otorite gouvènman yo mande w fè sa.



Obeyi tout lòd kouvrefe ak ijans.



Mete pil debri sou twotwa a lwen kloti, bwat postal, dren dlo lapli, egou ak fil ki pandye byen ba. Pa mete debri sou teren vid, tè agrikòl oswa devan pwopriyete komèsyal yo.



Pa sèvi avèk ni griy babekyou chabon, ni fou pwopàn pou kanping ni dèlko andedan.



Rele 311 pou rapòte bin fatra oswa bin resiklaj ki domaje pou ranplasman.



Pran pasyans epi pridan. Netwayaj apre siklòn pran tan.



Jete tout manje ki te nan frijidè ou sispèk ki gate.



Lè w ap netwaye debri tanpèt, sèvi avèk yon bale olye de yon tiyo kawoutchou pou konsève dlo. Bale epi mete debri yo nan sache pou yo pa bouche twou egou yo epi fè egou yo debòde.



Si ou vle ede Parks nan efò netwayaj debri apre siklòn lan, enskri kòm volontè ak rantrè nan nan netwaye wout. Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/parks apre yon tanpèt.

DANJE APRE SIKLÒN



DLO NAN LARI

Pa kondwi ak mache nan dlo dòmi. Li gen dwa pi fon lontan pase sa ou panse a epi gen dwa gen danje ki kache ladan. Lè w ap apwoche dlo ki sou wout, toujou sonje Retounen, Pa Nwaye.


Aprè yon tanpèt, si genyen nenpòt tiyo ki kase oswa koule, bouch ensandi, twou egou oswa kontè dlo, rele Depatman Dlo ak Egou nan 305-274-9272.



PRI EKSESIF

Si Gouvènè Florid la oswa Majistra Konte Miami-Dade la deklare eta dijans, règleman sou pri eksesif yo ap antre an vigè.

Yo konsidere pri eksesif kòm “pri imoral,” yo detèmine gras a konparezon pri yo mande a pandan yon ijans avèk sa yo te mande a pou menm danre a pandan peryòd 30 jou ki sot pase a. Pou rapòte pri eksesif, rele Biwo Pwokirè Jeneral Florida a nan 1-866-966-7226.



BARYÈ PISIN

Aprè yon siklòn, si baryè pisin ou antonbe oswa donmaje, ou dwe ranje li oswaranplase li kòm yon priyorite. Yonpisin reprezante gwo menas pou lavi menm si li vid.

Annatandan ou kapab ranplase oswa ranje baryè pisin ou an, ou kapab enstale yon tisi may pwoteksyon tanporè pou konstriksyon. Ou kapab achte tisi may tanporè a nan kenkayri ki bò lakay ou yo.

Epitou, si pisin ou a pa fonksyone nòmalman, ajoute klò regilyèman pou evite kondisyon kote gen twòp alg k ap pouse ak twòp moustik k ap multipliyè.



MOUSTIK

Sitiyasyon lapli, dlo ki souvan swiv yon tanpèt, tanpèt twopikal oswa yon siklòn kapab lakòz gen plis moustik. Pou redwi multiplikasyon moustik yo, vide dlo dòmi ki nan jwèt timoun yo, nan bato ki pa kouvri ak nan anbakasyon ki pa jete dlo, epitou nan poubèl ak kouvèti yo.

Sonje bagay ki annapre yo pou evite moustik mòde ou:

- repare griyaj fenèt, pòt, galri ak patyo yo
- evite rete deyò alanjalis ak gran maten lè moustik yo gen plis mòde
- abiye ak rad ki lejè, ki long epi ki lach ki kouvri po w
- itilize pwodwi pou chase moustik ki gen engredyan DEET EPA rekòmande

Aprann pi plis ankò nan miamidade.gov/mosquito.



LÒD POU BOUYI DLO

Nan ka ra kote yo bay lòd pou bouyi dlo pa prekosyon apre yon tanpèt, Depatman Sante Florida a nan Konte Miami-Dade konseye pou yo bouyi dlo ki sèvi pou bwè, fè manje, bwose dan, fè glas oswa lave vesèl anvan yo sèvi avèk li. Ou dwe kite dlo a bouyi ak gwo bouyon pandan omwen yon minit.

Pa gen pwoblèm si ou sèvi avèk dlo a pou pran douch, depi ou pa gen blesi ouvè. Nan ka ou pa kapab bouyi dlo a, sèvi avèk klòwòks nòmal san sant pou kay pou dezenfekte dlo a. Sèvi avèk uit gout klòwòks pa galon dlo, brase li epi kite li chita pandan 30 minit.

Si dlo a parèt twoub, rekòmanse pwosesis la epi apre sa l ap pare pou w sèvi avèk li. Yon lòt opsyon se sèvi avèk konprime pou dezenfekte dlo, ou kapab jwenn yo kote yo vann atik pou espò oswa kanping.

Si ou pa resevwa dlo w lan nan men Konte Miami-Dade, siveye eta dlo potab ou a kot founisè sèvis piblik minisipal ou a.




Office of the Mayor
 Stephen P. Clark Center
 111 NW 1st Street, Suite 2910
 Miami, FL 33128

PPSRT STD
 US Postage
PAID
 Miami, FL
 Permit #1087

****ECRWSS**
 RESIDENTIAL CUSTOMER**

**TO REQUEST THIS HURRICANE READINESS GUIDE
 IN AN ALTERNATIVE FORMAT, PLEASE CONTACT
 THE MIAMI-DADE COUNTY OFFICE OF EMERGENCY
 MANAGEMENT AT 305-468-5400.**

PROUDLY SPONSORED BY
 **DADE COUNTY FEDERAL**
 C R E D I T U N I O N
Dcfcu.org/hurricane



**HELP US
 BY TAKING
 THE 2020
 HURRICANE
 READINESS
 GUIDE READER
 SURVEY.**

Snap a picture to access the survey
 or visit miamidade.gov/hurricane.

